

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. mangrupa karya sastra Sunda anu medal bulan April taun 2021. Novél anu diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama citakan ka-1 ieu téh mimitina dimuat dina *Manglé* No. 1390 édisi 18 Februari taun 1993. Satuluyna, éta novél téh dirékoméndasikeun ku Ajip Rosidi sangkan diterbitkeun ku PT Kiblat Buku Utama jadi novél dina wangu buku. Informasi ngeunaan pangarang Ati S. minim pisan dicangkingna, aya informasi ti pupuhu PATREM Chye Retty Isnendes, nu meunang informasi ti Pembina PATREM nyaéta Tetti Hodijah, ping 21 Maret taun 2022, Jam 18.05 WIB. Ati S. nyaéta salasahiji pangarang Sunda taun 90-an anu karanganan mindeng midang dina majalah *Manglé*. Ari dedeganana cenah rada montok jeung rambutna galing.

Lian ti anu geus diébréhkeun saméméhna, aya asumsi séjén ti Pupuhu PATREM nyaéta Chye Retty Isnendes, ping 4 Agustus taun 2022, Jam 14.40 WIB. Ati S. téh sapertina pangarang lalaki anu ngagunakeun sadiasna wanoja. Lantaran ditilik tina gaya nyarita anu digunakeun boh ngaran tokoh boh eusi caritana anu ngeunaan detéktif, ieu hal museur ka salashaiji pangarang Sunda nyaéta (alm.) Duduh Durahman. Éta hal nilik kana gaya nyarita Duduh Durahman anu memang sok nyieun karangan detéktif. Sajaba ti éta, tina naon anu geus diasumsikeun tur diébréhkeun sacara singget ngeunaan Ati S., Ieu pangarang téh can kapaluruh potrétdirina tur teu dipikanyaho ogé saha sabenerna.

Novél *Rusiah Stola Bungur* téh caritana ngeunaan *misteri* sarta kudu diaprésiasi ku nu maca di jaman kiwari. Éta hal ku sabab dina ieu karya diébréhkeun conto kahirupan nu kaalaman ku palakuna. Lian ti éta, basa anu digunakeun dina ieu carita kapanggih dina kahirupan sapopoé. Upama ditilik tina segi sosial, novél *Rusiah Stola Bungur* jalan caritana ngébréhkeun kaayaan jalma anu ngarandapan konflik di lingkungan kulawargana.

Karya sastra mangrupa hasil imajinasi pangarang nu sipatna éndah jeung bisa nepikeun éksprésina ka pamaca. Imajinasi nyaéta hal pikeun nyiptakeun gambaran kajadian dumasar kana kanyataan atawa pangalaman hiji jalma, boh pangalaman anu karandapan ku pangarang boh pangalaman batur anu katitén ku pangarangna.

Ngaliwatan karya sastra anu ditulis ku pangarang, lian ti jadi hiburan pikeun nu maca, sastra bisa jadi bahan pangajaran tina ajén-ajén anu ditepikeunana. Pangarang ngagunakeun média basa pikeun nepikeun éksprésina ka nu maca. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Sapardi Djoko Damono (dina Isnendes, 2010a, kc.4) nu nétélakeun yén sastra mangrupa hiji lembaga sosial nu ngagunakeun basa salaku médium ciptana. Prosés kréatif pangarang waktu ngébréhkeun éksprésina diwadahan ku wangun tulisan atawa lisan. Ieu hal saluyu ogé jeung pamadegan Isnendes (2010a, kc.11) nu nétélakeun yén sastra minangka prosés kréatif anu mangrupa éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana boh lisan boh tulisan. Éta betusna rasa anu ahirna jadi sastra téh diwadahan ku wadah anu dianggap merenah ku sastrawan, nyaéta dina wangun prosa, puisi, atawa naskah drama.

Dina sastra Sunda aya papasingan anu diwengku ku wangun, warna, jeung wanda. Wangun nyaéta klasifikasi dumasar kana wujudna. Warna nyaéta klasifikasi dumasar kana période mangsa atawa waktu sastra gelarna. Wanda nyaéta klasifikasi dumasar média anu dipaké pikeun nepikeunana. Dumasar kana wangunna, karya sastra Sunda dibagi jadi tilu, nyaéta aya puisi, prosa, jeung drama, boh heubeul boh modéren. Salah sahiji wangun prosa nu kaasup kana karya sastra modéren nya éta novél. Novél mangrupa prosa anu wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompléks). Ku kituna, novél bisa ngébréhkeun rupa-rupa palaku, kajadian, latar, jeung teleb ngahirupkeun karakteristik tokoh (Isnendes, 2010a, kc. 39).

Dina karya fiksi, karakter anu aya dina diri palaku atawa tokoh ngagambarkeun kapribadian hiji jalma. Kapribadian tokoh dina karya sastra anu digambarkeun ku pangarang salian ti ngawakilan jiwa pangarangna, ogé bisa jadi ngawakilan kapribadian jalma séjén. Éta kapribadian téh patali jeung hadé goréngna paripolah hiji jalma.

Aspék kapribadian palaku bisa dianalisis ngaliwatan studi sastra, utamana dina hal pamarekan. Salasahiji pamarekan anu bisa dipaké pikeun nganalisis kapribadian palaku nyaéta psikologi sastra. Nurutkeun Endraswara (dina Margianti spk., 2021) psikologi sastra mangrupa ulikan sastra ngeunaan aktivitas kajiwaan tokoh. Tujuan dina psikologi sastra nyaéta maham kana aspék kajiwaan nu aya dina karya sastra. Psikologi sastra leuwih nyoko kana unsur-unsur

kajiwaaan nu aya dina tokoh-tokoh fiksi. Panalungtikan psikologi sastra neuleuman pamahaman kana karya sastra, sabab miboga sababaraha peran saperti 1) pikeun ngaguar leuwih jero ngeunaan aspék perwatakan; 2) pikeun mekarkeun ngeunaan pasualan perwatakan; jeung 3) ieu panalungtikan mantuan pikeun nganalisis karya sastra nu raket jeung pasualan-pasualan psikologis (Endaswara dina Minderop, 2010, kc. 2).

Pikeun mikanyaho kumaha patalina antara psikologi jeung sastra nyaéta:

- nganalisis unsur-unsur kajiwaaan pangarang salaku anu nyiptakeun karya sastra;
- nganalisis unsur-unsur kajiwaaan tokoh anu aya dina karya sastra; jeung
- nganalisis unsur kajiwaaan pamaca (Ratna, 2015, kc. 343).

Dina kahirupan tangtu moal leupas tina konflik anu karandapan ku unggal jalma. Salasahiji wujud konflikna nyaéta tindak kajahatan anu dikasangtukangan ku rupa-rupa motif saperti kungsi dinyenyeri, goréng haté, jeung ayana rasa *dendam*. Éta hal dilakukeun lantaran korban kungsi nganyenyeri palaku anu antukna palaku miboga rasa *dendam*.

Dina sababaraha média massa, kapanggih warta ngeunaan kasus rajapati anu dikasangtukangan ku ayana rasa *dendam*. Conto kongkritna aya dina warta “*Suami Bunuh Istri di Jagakarsa Gara-gara Cemburu Hingga Pendam Dendam 5 Tahun*” tanggal 28 Juli 2021 dina website *Kompas.com*, jeung “*Sakit Hati dan Dendam, Pemuda ini Tega Bunuh Teman Sendiri di Klaten*” tanggal 30 April 2021 dina website *iNewsJateng.id*. Ku kituna, kajadian jeung pasualan-pasualan éta aya patalina jeung konflik psikologis jalma. Éta hal ogé kapanggih dina jalan carita anu aya dina karya sastra nyaéta novél anu judulna *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan téh museur kana pamarekan psikologi sastra kalawan ngagunakeun tiori Sigmund Freud. Saméméh nganalisis psikologi sastrana, novél *Rusiah Stola Bungur* diulik heula ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton.

Tujuan tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngaguar ngeunaan struktur carita jeung psikologi sastra anu aya dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S. ogé pikeun jadi pangaweruh dina hal pamahaman kana karya sastra dina widang kritik sastra hususna dina pasualan watek tokoh anu aya dina karya sastra. Ku

kituna, hasil tina panalungtikan ieu dipiharep bisa méré pangaweruh ka nu maca dina hal kapribadian tokoh nu aya dina novél.

Aya sababaraha panalungtikan anu nganalisis novél maké pamarekan psikologi sastra diantarana aya “Novél *Sérial Carita Silat Anjar* Karangan Achmad Rustandi: Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik” ku Purnawati (2019), “Konflik Psikologis Tokoh Utama dina Novel *Budak Teuneung* Karya Samsoedi (Ulikan Struktural jeung Psikologi Perkembangan” ku Zulfikar Alamsyah (2020), “Konflik Batin Tokoh Utama dina Novél *Pangantén* Karya Dédén Abdul Aziz (Ulikan Struktural jeung Psikologi Humanistik)” ku Ane Ainun Nurlaela (2021)“ Ulikan Struktur jeung Psikologi Sastra kana Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana“ ku Sandi Kusnadi (2021). Tuluy panalungtikan ti mahasiswa Universitas Pendidikan Ganesha Bali nu judulna *Psikologi Tokoh dalam Novel Suti* karya Sapardi Djoko Damono *Psikologi Sastra* (Sutama. 2019).

Sanajan ieu panalungtikan téh sawanda jeung panalungtikan anu disebutkeun di luhur, tapi tangtu aya bédana nyaéta karya sastra anu dianalisisna jeung ambahan dina nganalisisna. Lian ti éta, ieu karya sastra novél *Rusiah Stola Bungur* téh kakara medal dina wangun novél taun 2021. Satuluyna analisis strukturalna nyoko kana tiori Robert Stanton jeung Psikologi sastra Sigmund Freud.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah anu dirumuskeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S.?
- 2) Kumaha unsur-unsur psikologi tokoh anu nyampak dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S.?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar ngeunaan struktur carita jeung psikologi sastra anu nyampak dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur carita dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S.; jeung
- 2) unsur-unsur psikologis tokoh nu nyampak dina novél *Rusiah Stola Bungur* karya Ati S.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat jeung nambahana pangaweruh pikeun anu maca oge pikeun dunya atikan hususna kana widang karya sastra. Lian ti éta, ieu panalungtikan gé bisa dijadikeun acuan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahana pangaweruh ngeunaan kasusastraan, hususna ngeunaan karya sastra jeung psikologi sastra. Salian ti éta, ieu panalungtikan téh mangrupa kritik kana karya sastra, hususna ngeunaan kapribadian tokoh nu aya dina novél.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun jadi sababaraha bab. Sistematika panalungtikanana saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka. Eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta aya tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta aya mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori. Eusina ngawengku tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan nyaéta tiori anu dipatalikeun jeung masalah anu keur ditalungtik. Lian ti éta diguar ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir anu ngarojong kana ieu panalungtikan.

Bab III Métode Panalungtikan. Dina bab III dipedar ngeunaan métode panalungtikan nu diwincik deui jadi desain panalungtikan, data jeung sumber data, cara ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data anu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Implikasi jeung rékomendasi pikeun nu maca. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Implikasi jeung rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua.